



Chimi nan Kwizin

Mikse Li

Kisa ke ou bezwen:

- Yon ti bòl oubyen kontenè pou chak syantis
- Kiyè pou mizire ek gout pou zye
- Bwa pou sisèt oubyen yon lòt bagay pou brase
- Koupe ti bagay engredyan kwizin, tankou farinn mayi, ji sitron, vinèg, dlo (opsyon pou ajoute koulè manje), bikabonat, lwil, diri. Fè an sòt ke ou mete engredyan ke ou te ka manje! Ekri yo sou etikèk pou ke ou pa bliye kiyès ki kiyès.
- Yon plato oubyen nap pa anba atrap gout yo

Bagay pou panse ak yo:

- Timoun ki pi piti renmen pratike sèvi ak zouti pou ranmase e jete sa ki nan kontenè an. Kòmanse si ou mete ti montan de chak engredyan oubyen ti kiyè. Jan sa yo kapab kontinye pratije lòt konpetans ankò e ankò, e yo kapab dekouvri amizman nan obsève sa ki pase si yo ale.
- Timoun ki pi gran kapab chache engredyan pou aprann plis sou reyaksyon yo.
- Pa gen okenn move kote pou mikse li! Obsève kisa ki kaptire kiriyosite pitit ou. Li kapab sèvi ak zouti, mezire engredyan, dekri sa ke ou konstate, pretann, oubyen yon lòt bagay. Swiv gid pitit ou pèmèt yo pou yo kapab vinn syantis!
- Toujou sipèvize timoun lè y'ap sèvi ak bagay nan kay pou eksperimentasyon syans. Fè an sòt ke ou rete ak bagay ou ka manje! engredyan kwizin e cheke pou reyaksyon advès anvan ou ajoute okenn bagay nouvo.

Kisa pou fè:

1. Pran oubyen mete diferan engredyan nan kontenè an.
2. Obsève e dekri kisa ki pase lè engredyan yo mikse.
3. Timoun ki pi gran kapab renmen dokiman pou eksperimente sèvi ak kat resèt nan pwochen paj lan.
4. Kisa w'ap rele nouvo kreyasyon'w lan?
5. Vide kontenè an nan lavabo an e kòmanse nouvo miksti.

